



ENDEPANDANS  
SOUTYEN

# Otodireksyon lè w vin gen yon lezyon serebral epi nan egzonerasyon plan Moving Forward

Egzonerasyon lezyon serebral (Acquired Brain Injury, ABI) epi egzonerasyon plan Moving Forward (Moving Forward Plan, MFP) ba w chwa pou dirije kèk nan sèvis egzonerasyon ou yo. Sa rele "otodireksyon".

Lè w chwazi pou w dirije sèvis egzonerasyon ou yo poukont ou, se oumenm ki deside kiyès k ap founi sèvis sa yo e se oumenm ki tabli orè travay la. Ou deside tou kisa yo fè.

Si w chwazi otodirije, se ou ki ap anplwayè travayè swen dirèk la pou sèvis egzansyon otodireksyon yo.

## Ki sèvis egzonerasyon m ka otojere?

- Egzonerasyon ABI abilitasyon rezidansyèl (ABI-RH) ak MFP-soutyen rezidansyèl (MFP-RS):
  - ▶ Soutyen endividyèl e abilitasyon kominotè (sèlman pou patisipan egzonerasyon k ap resevwa sèvis pou yon lavi otònòm)
  - ▶ Soutyen konfrè
- Egzonerasyon ABI abilitasyon ki pa rezidansyèl (ABI-N) ak MFP-lavi kominotè (MFP-CL):
  - ▶ Konpanyon ki majè
  - ▶ Travay kay
  - ▶ Menajè
  - ▶ Soutyen endividyèl e Abilitasyon kominotè
  - ▶ Soutyen konfrè
  - ▶ Swen pèsonèl

## Ki responsablite mwen si m chwazi pou m otodirije sèvis mwen yo?

Si w chwazi pou otodirije sèvis yo, ou vin alò ou anplwayè travayè swen dirèk ou a. W ap responsab pou jere travay ki anrapò ak yon anplwayè tèlke jwenn travayè, angaje yo, fè orè yo e fòme yo, e, si l nesesè, revoke travayè ou a. Jesyonè ka ou a oubyen kowòdinatè sèvis pou egzonerasyon ABI-MFP ou a ap aprann ou ki dwa ak responsablite ou genyen kòm anplwayè travayè ou a.

W ap responsab pou w ranpli epi voye tout dokimantasyon ki nesesè yo. Se pou w sèvi ak sistèm Verifikasyon Vizit Elektwonik (EVV) la pou apwouve e voye dat ak lè kote travayè swen dirèk ou a founi w sèvis. W ap asire tou ke kantite èdtan li travay pa plis pase kantite èdtan jesyonè ka ou a oubyen kowòdinatè sèvis pou egzonerasyon ABI-MFP ou a apwouve pa semèn.

## Kisa pou m fè si m bezwen èd pou otodirije sèvis mwen yo?

Si w bezwen èd pou otodirije sèvis ou resevwa yo, alò ou gendwa bezwen yon sibstiti. Yon sibstiti se yon moun ki konnen ni oumenm ni bezwen ou yo e ki pral ede w otodirije sèvis ou resevwa yo.

Si w pa konn okenn moun ki ka yon sibstiti pou ou, jesyonè ka ou a oubyen kowòdinatè sèvis pou egzonerasyon ABI-MFP ou a ka ede w jwenn yon sibstiti ki ka ede w otodirije sèvis ou yo.

## Kòman jesyonè ka oubyen kowòdinatè sèvis pou egzonerasyon ABI-MFP mwen an ap ede m otodirije sèvis mwen yo?

Jesyonè ka oubyen kowòdinatè sèvis pou egzonerasyon ABI-MFP ou a pral evalye sèvis ou bezwen yo, apwouve sèvis ou yo, asire ou konprann ki responsablitè ou genyen, epi kontinye ba ou fòmasyon jan sa nesesè pou ede w otodirije sèvis ou yo avèk sikse.

## Kòman travayè swen dirèk mwen an resevwa peman?

MassHealth gen yon ajans ki rele entèmedyè fiskal (fiscal intermediary, FI) ki pral ede w fè sa ki obligatwa pou yon anplwayè ki gen yon travayè, tankou

- resevwa e trete fichye tan anplwaye ou a;
- pare chèk pewòl anplwaye ou a e fè depo dirèk pou anplwaye a;
- deklare epi peye pòsyon taks eta e federal ou yo, ki gen ladan chomaj;
- gen yon asirans pou aksidan nan travay (workers' compensation) pou anplwaye w la; epi
- emèt anplwaye ou a yon W-2.

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis Egzonerasyon Otodireksyon ABI/MFP yo, kontakte tanpri jesyonè ka ou a oubyen kowòdinatè sèvis pou egzonerasyon ABI-MFP ou a.**